# «Сақаўат ҳәм жәрдем» қоры: жәрдемге мүтәж шаңарақлар қоллап-қуўатланбақта

**Алдын хабар етилгениндей, «Мәҳәлле» қайырқомлық жәмийетлик фонды Қарақалпақстан Республикасы бөлими жанында ҳәзирги карантин дәўиринде социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм көп балалы шаңарақларды, майып шахслар ҳәм жалғыз кекселерди, сондай-ақ, өз дәраматларын жоғалтқан ўақытша жумыссыз болған физикалық шахсларды қоллап-қуўатлаў мақсетинде «Сақаўат ҳәм жәрдем» қоры шөлкемлестирилди.**

Image not found or type unknown

Көпшилик пуқараларымыздан усы қордың жумысы ҳаққында келип түсип атырған мүрәжатларға бола дәслеп оның жумыс алып барыў тәртиби менен қысқаша таныстырып өтсек.

Хош, Қәўендерлик қайрқомлықларды муўапықластырыў орайынан өзгеше түрде «Сақаўат ҳәм жәрдем» қоры тәрепинен жәрдемге мүтәж пуқаралар қалай анықланады?

Өзбекстан Республикасы Ҳүкиметиниң 2020-жыл 22-апрелдеги арнаўлы бийлигине тийкар Нөкис қаласы ҳәм районлардағы ҳәр бир сектор басшысы тийисли өзин-өзи басқарыў уйымлары (МПЖ, АПЖ, ППЖ) баслықлары менен биргеликте мәҳәллелердеги ҳәр бир шаңарақтың, пуқаралардың материаллық жағдайын үйреген ҳалда ҳәптелик жәрдем көрсетилетуғын мүтәж шаңарақлардың дизимин

ҳәм оларға берилиўи керек болатуғын қаржылар, күнделикли тутыныў товарлары, дәри-дәрмақлар менен басқа да өнимлердиң муғдарын қәлиплестиреди ҳәм жыйналған мағлыўматлар халық депутатлары жергиликли кеңеслерине киргизиледи.

Мәлим болғанындай, материаллық жәрдемлер халық депутатлары жергиликли кеңеслериниң арнаўлы қарарлары тийкарында ажыратылады.

Демек, ҳәзирги сынақлы демлерде социаллық қорғаўға мүтәж пуқараларымыз өзи жасап атырған аймақтағы тийисли Сектор басшылары менен өзин-өзи басқарыў уйымларының басшыларына мүрәжат етиўи тийис.

2020-жылдың 13-май ҳалатына Қарақалпақстан Республикасы Нөкис қаласы ҳәм барлық районлар шеңберинде мине, усы тийкарда ҳәр бир сектор баслықлары басшылығында қәўендерлер тәрепинен материаллық жәрдемге мүтәж шаңарақларға 330 миллион сўмға жақын муғдарда жәрдемлер көрсетилди. Қалған шаңарақларды да қоллап-қуўатлаў бойынша белгиленген тәртипте системалы жумыслар алып барылмақта.

Усы орында «Сақаўат ҳәм жәрдем» қорының есап бетине бүгинги күнге келип 4 миллард 800 миллион сўмнан аслам қаржылардың келип түскенин атап өтиў орынлы. Бул ушын әлбетте, тийисли мәмлекетлик ҳәм хожалық басқарыў уйымларына ҳәм көп санлы қәўендерлерге миннетдаршылығымызды билдиремиз.

«Сақаўат ҳәм жәрдем» қоры тәрепинен ҳәзирги карантин дәўиринде социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм көп балалы шаңарақларды, майып шахслар ҳәм жалғыз кекселерди, сондай-ақ, өз дәраматларын жоғалтқан ўақытша жумыссыз болған физикалық шахсларды қоллап-қуўатлаў жумыслары даўам етеди.

Сизден усындай сынақлы демлерде карантин қағыйдаларына қатаң әмел етиўиңизди сораймыз!

«Мәҳәлле» қайырқомлық жәмийетлик фонды Қарақалпақстан Республикасы бөлими

*Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети*